



Office for People With
Developmental Disabilities

44 Holland Avenue
Albany, NY 12229-0001



Office for People With
Developmental Disabilities



Prezantasyon Sèvis Sipò pou Fanmi (Family Support Services, FSS)



(866) 946-9733 | NY Relay System 711

www.opwdd.ny.gov



OPWDD bay plizyè kalite sèvis ki ede Nouyòkè ki gen andikap devlopmantral yo viv yon lavi ki pi rich nan kominote yo. Gen sèvis OPWDD bay dirèkteman, epi gen lòt yo bay atravè yon rezo anvivon 600 ajans san bi likratif nan tout Eta a.

Sèvis Sipò pou Fanmi (Family Support Services, FSS) OPWDD yo bay pwogram ak sipò pou ede fanmi yo kenbe moun yo renmen ki gen andikap devlopmantral yo an sekirite epi ap viv nan kay yo.

Kiyès ki elijib pou resevwa FSS?

Pou yon moun elijib pou FSS, li dwe:

1. Gen elijibilite ki defini pou sèvis OPWDD yo; epi
2. Rete nan kay la avèk youn oswa plizyè manm fanmi *ki pa resevwa peman (tankou fanmi byolojik, adoptif oswa elaji oswa moun k ap bay swen ki pa resevwa peman nan ka fanmi byolojik, adoptif oswa elaji a pa la)

* Gen kèk eksepsyon ki ka aplike, gade ADM 2022-02R la ak gid ki gen rapò a pou plis detay.

Yon moun pa bezwen enskri nan Medicaid pou li resevwa FSS.

Ki kalite sipò FSS bay?

Gen plizyè kalite Sèvis Sipò pou Fanmi ki disponib pou ede w pran swen moun ou renmen an nan kay la. Pwogram yo varye selon rejyon an epi yo ka gen ladan yo asistans pou:

- Defans
- Pwogram Apre Lekòl
- Sipò Konpòtmantal
- Sèvis pou Kriz
- Ranbousman pou Fanmi
- Terapi Konsèy ak Fòmasyon pou Fanmi
- Enfòmasyon ak Referans
- Gwoup Sipò pou Paran and Frè/Sè
- Lwazi/Kan
- Repo
- Aksè ak Sèvis
- Fòmasyon pou Konpetans Sosyal
- Ekipman Espesyalize ak Modifikasyon nan Kay
- Transpò

FSS ka yon mwayen sekou pou fanmi ki bezwen èd pou satisfè bezwen moun yo renmen an, epi li ka sèl sèvis OPWDD yo bezwen pou sipòte yon moun k ap viv nan kay la ak fanmi an.

Wòl Konsèy Konsiltatif FSS Lokal yo

Chak nan Biwo Rejyonal Andikap Devlopmantral (Developmental Disability Regional Office, DDRO) OPWDD yo genyen plizyè Konsèy Konsiltatif FSS lokal ki fèt ak moun ki gen andikap devlopmantral, manm fanmi yo, ak pwofesyonèl ak lòt moun ki enterese nan swen moun ki gen andikap devlopmantral. Konsèy lokal sa yo bay OPWDD konsèy sou kalite sipò ak sèvis fanmi lokal yo bezwen pou moun yo renmen k ap viv nan lakay yo. Konsèy yo travay an patenarya ak Kowòdonatè FSS nan DDRO yo pou konsevwa, mete an aplikasyon, epi sipèvize pwogram ki reponn a bezwen fanmi lokal yo.

Si Ou Vle FSS pou Fanmi Ou

Pou plis enfòmasyon sou elijibilite OPWDD, pwogram FSS yo oswa fason pou patisipe nan Konsèy Konsiltatif FSS lokal ou, rele liy enfòmasyon gratis nou an nan (866) 946-9733 pou apèl vwa, oswa NY Relay Service. Ou kapab jwenn yon kopi Plan an sou sitwèb OPWDD a nan www.opwdd.ny.gov.

